Қарақалпақстан Республикасы

мәлимлеме китапхана орайы



# «Уллы жазыўшы»

Ш. Рашидов туўылғанының 100 жыллығына

методикалық қолланба

Нөкис 2017

# КИРИСИЎ

Халық атасы болған Шараф Рашидовты халқымыз, соның менен бирге китап оқыўшылар жақсы таныйды. Ол өз халқын, Ўатанын жүдә жақсы көрген ардақлаған, халқы ушын көп ислер ислеген Шараф Рашидовтың Ўатанға деген мухаббаты ўақытшалық емес, мәңгилик характерге ийе еди.

Ол халқымызға тек жәмийетлик искер сыпатында емес, ал жазыўшы сыпатында да белгили. Оның көплеген шығармалары китап оқыўылардың қәлбинен кең орын ийелеген. Усындай әжайып инсан, өзбек халқының уллы перзенти Шараф Рашидов быйыл 100 жасқа толады. Усы сәнеге бағышланып илимий методикалық бөлимде **«Уллы жазыўшы»** атамасында методикалық қолланба ислеп шығылды. Қолланбаның биринши бөлими **«Қәлеми де, қәдеми де пәк инсан»** деп аталып, бул бөлимде жазыўшының өмир жолы хәм дөретиўшилик хызметлери ҳаққында сөз жүритиледи. Соның менен бирге **«Өз халқына қәдирдан инсан»** атамасында еслеў кешесиниң методикалық жол жобасы хәмде **«Өзбек халқының белгили перзенти»** атамасында китап көргизбесиниң жол-жобалары, ал соңында пайдаланылған әдебиятлардың дизими берилген.

## «Қәлеми де, қәдеми де пәк инсан»

### Шараф Рашидовтың өмири хәм дөретиўшилик хызмети ҳаққында

Өмир деген инсанга бир мәрте бериледи. Алла инәм еткен екинши жасаў имканиятынан ким қандай пайдаланады? Тийкарында инсанның хызметлери менен ажыратылады.

Мәмлекетимиз ғайраткери, жазыўшылық хызмети менен де халқымызға танылған атамыз Шараф Рашидовты еслер екенбиз дәслеп оның өмир жолына көз таслаймыз. Шараф Рашидов өзи жасап өткен дәўирде халқына ҳадал хызмет етип, соның менен бирге сол дәўирде поэзиялық, прозалық шығармалары менен китап оқыўшылар нәзерине түскен қәдеми пәк, қәлеми пәк инсан еди.

Шараф Рашидов 1917 жылы 6 ноябрьде Жиззақ қаласында дийхан шаңарағында дүньяга келген. Орта мектепти тамамлағаннан соң 1937-41 жыллар аралығында Самарқанд Мәмлекетлик университетиниң филология факультетин тамамлаған. Самарқанд ўалаятлық газетасында жуўаплы хаткер, бас редактор орынбасары хәм редактор (1937-47) лаўазымларынан өз мийнет жолын баслаған.

Ш. Рашидов 30 жыллардың ақырында әдебиятқа кирип келди оның ең үлкен шығармасы «Чегарачи» 1937 жылда баспадан шықты. «Қаҳрим» (1941), Урыстан соңғы жыллары Ш. Рашидовтың әдебий дөретпелери жәнеде байып барды, соның менен бирге 40 –жыллардың ақырында ол әдебий -критик сыпатында танылды. Оның «Өмир хәм әдебият жаңалықлары», «Заманагөйлик –әдебият хәм көркем өнердиң қалби» ҳ.т.б. илимий –теориялық мақалалары өз дәўиринде көпшиликге унаған. Ш. Рашидов өзбек әдебиятында өз гүрриң хәм романлары менен үлкен орын ийелеген. Жазыўшының қәлеминен дөреген «Ғолиблар» қыссасы (1953), «Бурондан кучли» хәм «Қудратли тулқин» (1964) романларын жаратды. Ҳинд халық әпсанасы тийкарында жазылган «Кашмир қўшиғи» лирикалық қыссасы (1956) Ш. Рашидов дөретпесинде айрықша орынды ийеледи. Демек Ш. Рашидов ҳәзирги заман өзбек әдебиятының раўажланыўына өзиниң салмақлы үлесин қосқан уллы жазыўшыларымыздың бири.

Белгили ғайраткер, көрнекли жазыўшы Ш. Рашидов Республикамызды оғада қыйын хәм аўыр жылларда басқарып, елимиздиң раўажланыўы жолында пидәкерлик пенен мийнет етип келди, «еки мәрте Мийнет Қаҳарманы (1974, 1977) болды ол соңғы демлерине шекем жәмийетлик хәм дөретиўшилик жумысы менен миллий әдебиятымыздың раўажланыўына хызмет етти. Ш. Рашидов 1983-жылы 31 октябрьде тосаттан дүньядан өтти.

Өзбекистан Республикасы ғәрезсизликге ерискеннен соң Биринши Президентимиз И. А. Кәримовтың басламасы менен Ш. Рашидов туўылғанының 75 жыллығы кеңнен белгиленди. Ш. Рашидов Ташкентдеги Халқлар Дослығы сарайы қурылысы авторы ҳәм көркемлик жақтан басшысы сыпатында оның өлиминен соң, Алишер Наўайы атындағы Өзбекистан мәмлекетлик сыйлығы менен сыйлықланды (1994). Сырдәрья ўәлаятындағы район, Ташкент ҳәм Жиззақ қалаларында көшелер, мектеплер, мәҳәллелер оның атына берилген. Жиззақда Ш. Рашидов ҳәйкели ҳәм музейи бар. Ол «Чиғтой» қәбиристанына жерленген.

«Белгили мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жазыўшы Шараф Рашидовтың 100 жыллығын белгилеў ҳаққында» Өзбекистан Республикасы Президенти Ш. Мирзиёевтың 2017 –жыл 27 марттағы қарарының қабыл етилиўи, Республикамыздың ғәрезсизликке ерисиўи жолында пидайы хызмет еткен, бул инсанның мәмлекетлик ғайраткер сыпатындағы жәмийетлик ҳәм дөретиўшилик хызметин миллий әдебиятымыздың ҳәм мәдениятымыздың раўажланыўына қосқан үлесин бүгинги жасларымызға үгит-нәсиятлаўда әҳмийетли ҳүжжет болды.

Өзбекистан Қаҳарманы, Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың 1992-жылы 4 ноябрьде Шараф Рашидовтың Жиззақта естелигин ашыў салтанатындағы оқыған қосығында:

«Ҳәм алым, ҳәм данышпан, дийқан едиңиз»,
Беглигин бузбаған султан едиңиз,
Кишипейил, гөззал инсан едиңиз,
Алтынға қаплайық сөзлериңизди,
Ким тас атса таўдың барып қасына,
Атқан тасы түсерлер өз басына,
Халық жыйналып ҳүрмет тойханасына,
Қәдирданлық әйлеп яд етер сизди»

деп тәрийплегениндей, Өбекистан тарийхында ғәрезсизлик шарапаты менен әдалатлық өз орнына түсип, Шараф Рашидовтың исми алтын сыя менен жазылып, өз халқының қәдирданы сыпатында бүгинги әўладлар қәлбинен орын алады.

## «Өз халқына қәдирдан инсан» атамасындағы өткерилетуғын еслеў кешесиниң методикалық жол-жобасы

Өткенлерди еслеў ҳәр бир инсанның парызы ҳәм қарызы болып есапланады. Солай екен Мәлимлеме-китахана мәкемелеринде өткерилетуғын Ш. Рашидовтың 100-жыллығына бағышланып **«Өз халқына қәдирдан инсан»** атамасында еслеў кешесин өткерсек болады. Мәлимлеме китапхана мәкемелеринде өткерилетуғын ҳәр бир иләжлар мәлимлеме китапхана мәкемелериниң жайласыў жағдайына қарап шөлкемлестириледи. Бунда китапхананың оқыў залы өткерилетуғын кешеге жақсылап безеп, шайырдың сүўрети, оның дөреткен шығармалары сол орынға қойылады. Кешеге сиясатшылар, шайырлар, жазыўшылар, өзбек тили хәм әдебият пәни оқытыўшылар, журналистлер улыўма Ш. Рашидовтың өмири хәм дөретиўшилигине қызыққан китап оқыўшылар қатнасса болады. Ҳәр бир кеше өткериўден алдын бағдарламалар ислеп шығылады, дағаза етиледи.

**«Өзбек халқының белгили перзенти» атамасында китап көргизбесиниң жол-жобалары**

Усындай әжайып инсан, өзбек халқының уллы перзенти Шараф Рашидов быйыл 100 жасқа толады. Бул сәнеге бағышлап мәлимлеме китапхана мәкемелеринде оның шығармалары тийкарында китап көргизбесин шөлкемлестириўди усыныс етемиз. Бул көргизбениң бас темасын ««**Өзбек халқының белгили перзенти»** деп атадық. Бул китап көргизбемиз еки бөлимнен ибарат.

1-бөлим: **«Шайырдың шырағы өшпес»** деп атап бул бөлимге шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери хаққында материаллар қойылса болады.

2-бөлим **«Уллы шайыр мийраслары»** деп атап бул бөлимге Ш. Рашидовтың дөретпелери томлары, газета-журналларда басылып шыққан шығармалары, қосықлар топламы, публицистик мақалалары қойылады.

**Пайдаланған әдебиятлар**

1. «Белғили мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жазыўшы Шараф Рашидовтың 100 жыллығын белгилеў ҳаққында» Өзбекистан Республикасы Президентиниң қарары 2017 –жыл 27 март Қарары // Еркин Қарақалпақстан.-2017.-30 март
2. Айтмуратов Ж. Халқына қәдирдан инсан (Белғили мәмлекетлик ғайраткер ҳәм жазыўшы Шараф Рашидовтың 100 жыллығына). // Еркин Қарақалпақстан.-2017.-14 сентябрь
3. Ўзбекистон Миллий энциклопедияси. 7-жилд. Парчин- солиқ. Тошкент: «Ўзбекистон Миллий энциклопедияси» Давлат илмий нашри. 2004.-704 б.

**Қолланбаны жазған** **В. Танирберғенова**

**Редакторлаған** **И. Шарапова**